



ICiSP
Initiative citoyenne
en faveur de la
sécurité et la paix

Manifest ISiSL la

Inisyativ Sitwayèn an favè Sekirite ak Lapè



Solisyon pwoblèm ensekirite an Ayiti, sa dwe yon angajman lwayal pèp ayisyen an, akonpaye sipò rezonab vrè zanmi li yo

Men kèk lide ak metòd efikas pou n konbat ensekirite jeneralize sa a

Me 2025

Nòt entwodiktif

Tèks sa a, se aboutisman yon refleksyon kontinyèl, gide epi devlope sou yon long peryòd, nan non majorite silansye a, konpoze de sitwayèn ak sitwayen ayisyen diferan kouch sosyal. Se yon seri patriyòt konsekan, ki ap viv an Ayiti ak nan Dyaspora a, ki vle mobilize pèp ayisyen pou n ka pote kontribisyon pa nou bay peyi nou Ayiti ki an danje. Sèl motivasyon nou genyen, se : defann kòz Nasyon an ki ap sibi gwo menas, reklame dwa nou genyen pou n viv nan lapè ak an sekirite sou mòso tè sa a zansèt yo kite pou nou, epi kontribye pou n remete an bon eta diyite pèp ayisyen an. Nou louvri pòt la bay tout moun ki konsyan sa pa dwe ale pi lwen, oubyen ki gen menm fòs moral tankou nou, nou pral konvèti tèt nou an yon sèl fanm, yon sèl gason, pou demach sa a ka pran fòm :

Inisyativ Sitwayèn an favè Sekirite ak Lapè (ISiSL)

*Dokiman sa a disponib tou nan vèsyon franse, angle ak panyòl.
www.icisp-haiti.org*

Rezime

Patriyòt konvenki, k ap viv ni an Ayiti ni nan dyaspora a, ap antreprann pou mobilize pèp Ayisyen an pou ede peyi yo ki an danje epi pou pèmèt peyi a reprann diyite li, atravè **Inisyativ Sitwayen pou Sekirite ak Lapè (ISiSL)**. Apwòch la baze sou obsèvasyon ke sa k ap pase kounye a an Ayiti reflekte negasyon absoli nenpòt lòd repiblikan. Depi nan kòmansman deseni sa a, sosyete ayisyèn nan bloke nan yon sik vyolans k ap grandi, ki vin pi entansifye pandan twa dènye ane yo. Retrè otorite leta yo devan bravad kriminel konkèt yo souve danje pou yo touye moun an mas. Apwòch ak solisyon yo te aplike jiskaprezan pou limite kriz la montre limit yo. Pou nou genyen lagè egzistansyèl sa a, li nesèsè pou nou kreye yon denominatè komen sou ki pou nou bati inisyativ ki kapab sipòte Leta a pou l genyen lagè egzistansyèl sa a. Se defi sa a ISiSL te fikse tèt li.

Pri ekonomik ak sosyal ensekirite sa a ki gaye toupatou yo anpil pou tout kouch nan sosyete a:

- Klas mwayèn yo ki, apre plizyè dizèn ane travay, twouve yo oblije kite dèyè epi abandone tout kapital materyèl yo te akimile pandan lavi yo;
- Antreprenè, moun biznis, Madan Sara oblije fèmen pòt yo oubyen abandone aktivite yo jiskaske yo jwenn plis avi, san yo pa konnen ki lè nouvo lòd sa a ap vini;
- Majorite konpatriyòt ki soti nan milye defavorize k ap viv lajounen, ki pa ka viv lib pou yo viv chak jou;
- Peyizan yo ak mond rural la ki gen dekapitalizasyon k ap akselere ak blokaj wout yo;
- Timoun lekòl ak etidyan ki gen edikasyon yo gravman konpwomèt akòz gwo egzòd pwofesè yo ak restriksyon oswa move fonksyonman lokal lekòl yo;
- Dyaspora Ayisyen an, ki te oblije diminye vizit li nan peyi a akòz ensekirite ki genyen an epi ki gen kontribisyon dirèk ki afekte pa restriksyon drastik sou mobilite machandiz ak moun;
- Gang kriminel yo menm pratike politik tè boule sa a ki p ap garanti yo, nan moman ki apwopriye a, aksè a sèvis yo, e pou ki Ayiti ap rete yon prizon.

Fas a sitiyasyon gwo dezespwa sa a, popilasyon an pa konn ki kote pou l vire epi l ap frape nan chak pòt ki ouvri pou yo. Se lè sa a peyi etranje yo vle fèmen fwontyè yo kont imigran Ayisyen yo. Nan kondisyon sa yo, mobilizasyon entèn sanble se fason pou reziste epi planifye lavni. Sèvis sivik mik obligatwa a (SCMO), ki prevwa nan Konstitisyon 1987 la, reprezante yon venn pou nou eksplwate pou retabli fyète, espwa ak angajman bay jèn k ap chèche konsèy ak opòtinite, yon repons konstitisyonèl ak kowòdone a bezwen lejitim ak k ap grandi sa a pou pwoteksyon. Leta Ayisyen an ta dwe etabli epi aplike SCMO a trè vit nan yon tantativ pou ranvèse tandans lan epi balanse balans pouvwa a. Yo ta mete sou pye yon *Fon Sitwayen pou Sekirite ak Sipò pou Lapè* pou sipòte inisyativ sa a.

Ensekirite k ap grandi nan peyi a gen yon lyen sere sere ak echèk Leta a ak estrikti gouvènans ki an plas yo. Echèk CPT a se yon bagay anmè men previzib, si nou gade listwa nou. Pou anpeche pri ki pou peye a vin pi wo toujou, gen yon bezwen ijan pou konsidere yon altènativ pou CPT a kounye a. Etandone nenpòt vid politik

ki kreye toudenkou ta louvri pòt pou yon dezòd total ak yon efondreman total Leta a, yo ta dwe chèche yon konsansis imedyatman pou avanse pou jwenn yon solisyon atravè enstitisyon Leta yo oswa sosyete sivil la. Enkarnasyon valè onètete, patriyotis ak konpetans ta dwe konte pi plis pase orijin enstitisyonèl oswa sosyal moun yo rele pou fòm nouvo tranzisyon sa a. Yo ta gen yon manda eksplisit ak eksklizif ki gen de aspè: pou diminye nivo ensekirite a anpil epi pou òganize eleksyon avèk kreyativite, pa egzanp lè yo module yo sou tan, pa rejyon ak pa nivo (CASEC, Lakou Meri, Depite, Senatè, Prezidan).

Nou dwe rekonèt se Ayisyen ki detèmine pou detwi pwòp peyi yo, nan touye, kidnape, vyole, vòlè epi atake kèk byen komen yo ak tout eritaj imen ak bati a, akimile atravè sakrifis pandan plizyè dizèn ane. Se poutèt sa nasyon an nan lagè ak tèt li. Nou dwe retounen sou sa ki konstitye fondasyon menm nenpòt sosyete modèn ki bati sou lavi ansanm ak nosyon sitwayènnte a, epi note ke dwa sosyal yo te sistematikman meprize pa gouvènman ki vin apre yo. Rezilta a se yon sosyete kraze an mil moso, san okenn koyezyon sosyal, san solidarite natirèl oswa konstwi, san okenn alyans nasyonal. Pandan tout listwa nou, nou te pran rakoursi ki mennen nou nan vid enstitisyonèl, leta, moral ak politik ke nou konnen jodi a. Pwojè ki defi nou an se travay pou rekonsilye Nasyon an avèk tèt li nan yon fason dirab, pou sa n ap viv jodi a pa rive ankò. Men yon chemen pou sove Nasyon an, toutpandan n ap rekonèt ke pòt sa a rete byen etwat!

Aksyon gang ame yo ap fè kounye a ann Ayiti se teworis pi, san okenn ideyoloji. Yo chache mete yon nasyon antye nan yon eta soumèt epi kondane sitwayen yo nan estati esklav ki ka eksplwate epi yo ka fòse yo sèvi jan yo vle. Nan limit nou ka predi lavni an, sa nou wè k ap vini nan orizon an Ayiti se konfinman sosyete a nan yon dilèm kote li ta dwe chwazi ant pran pouvwa a pa gang yo ak obligasyon titèl pou libere nou anba pouvwa ignob sa a.

Jodi a, Ayiti sanble poukont li nan batay pou l fè eksperyans ak destriksyon yon leta anba enfluyans gwoup kriminel mondyalize ki enplike nan trafik dwòg, vant zam ak minisyon, san bliye trafik ògàn moun. Pasivite sèten peyi sijere ke yo kwè yo gen iminite fas ak eksperyans san parèy sa a k ap dewoule an Ayiti kounye a.

Sa dit, se responsablite Ayisyen yo pou pran mezi nesèsè pou konbat ensekirite nan peyi a. Siviv Nasyon an depan de sa.

Tab Kontni

1.	KONSTATASYON	6
2.	EKONOMIKMAN AK SOSYALMAN KISA SA KA KOUTE	10
	Pou klas mwayèn yo	10
	Pou Antreprenè ak komèsan yo	10
	Pou klas popilè nan milye defavorize yo	11
	Pou pwodiktè nan rejyon ak nan milye riral yo	11
	Pou ekolye ak etidyan yo	11
	Pou dyaspora a	12
	Sa gang yo pa konnen, inevitableman, yo pral peye konsekans tou	12
3.	MOBILIZASYON SOSYAL FAS A LENSEKIRITE	12
4.	KONDISYON NESESÈ POU REYISIT PWOGRAM LAN	14
5.	NESESITE POU N REKONSILYE NASYON AN AVÈK LIMENM	16
6.	PÈSPEKTIV YO	17

1. KONSTATASYON

Sikonstans de pwogrè ki pi frapan nan listwa sosyete yo fondamantalman gen rapò ak plizyè peryòd, souvan se peryòd ki trè long, de dirabilite. Anndan tout establi ki ka pote devlopman ou jwenn ekilib. Kategori lòd sa a detèmine kalite pwogrè ki gen rapò avèk devlopman sa a, an patikilye, pa rapò a yon doub pwoblematik, ekite ak redistribisyon richès ki kreye anndan sosyete a. Vyabilite kòm perenite kò soyal sa a kapab asire pou rezon inebranlab kote sekirite lè n mete l nan premye plan kòm byen piblik, pou garanti egzistans Leta. Sa ale pi lwen pase tibilans yo sou nenpòt fòm, epi nenpòt kalite rejim politik ki antre nan chema de sityasyon posib ant lòd diktatoryal ak lòd demokratik.

Sa ki ap pase aktyèlman an Ayiti a se konsekans kontradiksyon ki te egziste avan yo. Li mennen nou nan negasyon total pou tout yon nòmralite repibliken. Kidonk, soyete ayisyèn lan rete kwense, depi yon sèten tan, nan yon sik grandisan vyolans ki mete kontinyèlman andewout Fòs ki pou mete lòd nan dezòd yo. Fenomèn lan pran yon dimansyon patikilye nan kòmansman lane 2023 avèk yon sityasyon dramatik kote Bandi pran kontwòl pi gwo sant kaseral (prizon) ki gen nan peyi a. Yon sityasyon trajik nan zye Lame Dayiti avèk tout inite ki konpoze fòs Lapolis Nasyonal la. Aksyon sa a, li hôtman senbolik, li montre nivo dekadans lòd repibliken an, sa kondui ak liberasyon san kondisyon plis pase 5.000 prizonnye ki pran lafuit, pami yo genyen anpil kriminel notwa. Nan mwa avril 2025 sa a, sityasyon sekirite peyi a atenn yon nivo grav ki pa gen parèy, avèk elajisman enplakab bandi kriminel nan prèske tout Pòtoprens (rejyon metwopolitèn de Lwès) avèk yon seri zak kriminel avèk, yo aji san kè sote, Bandi san manman, san fwa ni lwa, pran plezi touye sitwayen pezib epi mete dife.

Si gen yon pèsesyon sou sa ki ap pase aktyèlman nan peyi a parèt konfòtab pou Bandi yo, se paske avansman rapid Bandi yo ap fè la a, san kè sote epi ou santi otorite ki reprezante Leta yo prèske bay legen. Lè w ap gade defi ak pwovokasyon kriminel ap fè nan vale teren epi enkapasite fòs lòd ki ta dwe genyen monopòl lejitim vyolans legal, sa montre n klèman nou ap avanse sou wout yon seri masak kolektif san parèy popilasyon ayisyèn lan ka sibi nan yon tan ki pa twò lwen. Lè n ap gade yon seri krim ki komèt sou fòm : vyòl, ensandye byen prive tankou byen piblik, epi touye moun avizyè leve nenpòt kòman san pitye pou krim ki ap komèt nan senp objektif ransone popilasyon sivil la, pandan Bandi yo ap aneyanti Leta a, yo redui kapasite l, Leta vin inaktif, li paka mobilize fòs vital ak natirèl Nasyon an pou l bay repons epi diminye fleyo sa a pou konbat li nan dènye retranchman l. Jounen jodi a, karaktè dyabolik, men gratis, kote zak teyoris yo kontinye ap komèt yo, pa lese anyen sou plan sikolojik, lapèrèz la vin tèlman sikolojik an Ayiti, ou wè l sou vizaj tout moun, ou jwenn li nan konpòtman sitwayen yo, nan fason y ap eksprime, yo vin tounen moun ki san inisyativ, tout moun pè tout moun. Nou rive nan yon kafou oubyen nou pran desizyon fè koudakoud la, pou sove nasyon an, oubyen nou rete mouri ansanm san di yon mo. Nou rete kwè, sin n konvèje fòs endividyèl yo nan yon sèl lespri, yon sèl lide kont lespri satanik ki devlope lakay Bandi yo ki ap komèt krim san gade dèyè, nan ravaje tout sa yo jwenn sou pasaj yo, sa vle di, nou aksepte Bandi vann nou tout. Nou rete yon sèl altènativ : mete fòs nou ansanm, kreye yon sinèji pou n redui kapasite fòs mal la ki vle antere nou tou vivan.

Nan anpil zak kriminel ki frapan, dayè zak kriminel semèn sa ou te panse ki grav, ebyen semèn ki vin aprè a ou jwenn lòt ki wòd pòte ki pouse w bliye sa semèn pase a, reprezante Leta yo afiche enkapasite pou fè entèvansyon miskle, konsa kriminel ap vale plis teren, enpuisans fòs lòd yo fè ensekirite a pran plis anplè, Leta ayisyen rete ozabwa. Yon lòt bò, fòk nou gade mwayen materyèl ak lojistik reprezantan Leta yo mete disponib epi dispoze pou fè fas ak sityasyon malouk sa a parèt ensatisfèzan, menm lè genyen kèk aksyon ki antreprann pa Brigad vijilans (Asosyasyon rezidan) pou pwoteje katye pa yo oubyen tou akonpayman Fòs miltinasyon LONI ki la pou l ranfòse Polis nasyon ak Lame, sa pa bay okenn rezilta palpab. Kidonk, fòk genyen yon refleksyon prese, prese, san pèdi tan nan mitan soyete sivil la nan nivo nasyon, pou n ka ranmase fòs nou ansanm, pou n akonpaye reprezantan Leta yo pou gen entèvansyon entèlijant, konkrèt sou plan sekirite pou fè Bandi yo fè bak.

Jounen jodi a, defayans ki genyen nan aparèy leta a ak defisi nan efikasite aksyon moun ki pou fè jesyon an, dwe aksepte pou genyen nouvel inisyativ ki pran pou, ansanm, nou konstwi yon akonpayman avèk soutyen sosyete sivil la pou ede reprezantan Leta yo rive retire peyi a nan twou li ye jounen jodi a. Se avèk refleksyon sa yo ki konstitye kòm preyanbil pou n jistifye lide nou transmèt la yo, nan lespri pou kore pwopozisyon ki pral vini yo

2. EKONOMIKMAN AK SOSYALMAN KISA SA KA KOUTE

Ekonomikman ak sosyalman ensekirite galopant lan reprezante yon chaj enòm pou tout kouch nan sosyete a : pou klas mwayèn yo, pou antreprenè ak komèsan yo, pou klas popilè nan milye defavorize yo, pou pwodikè an rejyon avèk sa ki nan milye rural yo, pou ekolye ak etidyan yo, epi finalman pou Dyaspora a.

> POU KLAS MWAYÈN YO

Klas mwayèn yo konstitye, an jeneral, pote mitan pou soutni demokrasi a. Otomatikman y ap grandi, yo ka ede demokrasi a pran jarèt nan peyi a. Se nan sans sa a, yo reprezante ekspresyon konkrèt mobilite sosyal ki ap devlope apati desa yo kapab fè pou ranfòse pwomosyon klas popilè yo nan amelyorasyon kondisyon lavi moun nan klas sa yo. Pou Ayiti, aksè ki genyen pou rive nan klas mwayèn yo karakterize prensipalman pa yon sèten nivo edikasyon ki pèmèt nou amelyore konvenableman lavi n atravè aktivite travay, posede yon kay pou n viv epi yon machin nou ka vin posede aprè anpil sakrifis pou travay nou rive akonpli.

Ensekirite ki blayi depi plizyè lane sou peyi a baskile klas mwayèn lan nan yo povrete san presedan, li redui nou nan yon nivo ekonomik ak sosyal trè ba, souvan moun nan klas mwayèn lan sibi anpil ka kidnapink ki mande pou l peye sa li pa posede, Bandi detui kay li t ap viv, kabinè pwofesyonèl li epi aktivite komès ki te konn soutni l ekonomikman. Konsa, pwofesyonèl ki te aksepte travay anpil pou yo te jwenn yon ale mye, Vaganbon san vègòy depouye yo de tout sa yo te genyen, pou w sove lavi aprè yo fin kidnape l, li oblije mande prete pou l peye ranson an, sinon se fini pou li, paske Bandi an pap ba li okenn chans. Konsa, plizyè moun nan klas mwayèn lan ki sibi konsekans sa a obliye chèche lòt altènativ kite peyi a pou ale viv nan movèz kondisyon nan peyi etranje. Yo aksepte pèdi tout sa yo te konstwi pandan anpil lane. Tout sa nou di la yo reprezante yon defisi famiyal enòm kote fanmi an pral difisil pou l retabli pandan tout rès egzistans li. Se de sityasyon ki pral mande anpil tan ak anpil jefò pou Ayiti ta reprann chimen devlopman. Sa paka rete konsa !

> POU ANTREPRENÈ AK KOMÈSAN YO

Antreprenè, Komèsan, Madan Sara, yo soufri anpil enstabilite miltifòm, ensekirite san parèy sa a kreye. Aktivite pwodiktiv ak enstalasyon komèsyal yo souvan Bandi ame atake yo vyolamman, yo vandalize, yo piye ak ensandye tout sa yo jwenn sou pasaj yo. Antrepriz ayisyèn tout dimansyon – piti, mwayèn ak gran – san bri san kont mete klè a anba pòt la san yo pa di kwik. Gen lòt ki obliye fèmen pòt antrepriz la sou menas jiskaske si yon jou sityasyon an ta ka reprann, san yo pa gen okenn espwa ki lè yo ka rekòmanse fonksyone. Otèl Marriot nan Tijo, youn nan pi gwo Otèl nan peyi a obliye sispann tout aktivite, paske li pa kapab garanti sekirite anplwaye ak kliyan li yo. Anpil Sikisal Bank Nasyonal Kredi, Sogebel ak Unibank oblije demenaje pou ale mete sèvis yo te konn ap ofri lòt kote. Ensekirite a plane sou tèt 2 prensipal operatè telekomunikasyon peyi a, Digicel ak Natcom, paske syèj sosyal yo se nan zòn kote Bandi vin fè baz yo. Depi mwa mas 2024, Ayewopò Entènasyonal Toussaint Louverture rete pratikman fèmen pa gen okenn vòl entènasyonal regilye ki rive fèt, sa izole kapital ayisyèn lan pa rapò ak lòt peyi nan rejyon an. Menm Antrepriz de Kwazyè Royal Caribbean, sispann aktivite l jiska nouvel lòd, paske li deside akòz desa pa fè eskal ankò nan Pò Labadee, ki tou prè vil Kap Ayisyen.

Sityasyon an pa diferan pou antrepriz sosyal yo tankou lopital ak Sant de sante yo ki obliye sispann endefiniman sèvis yo te konn ap ofri popilasyon an sou presyon gang yo. Lopital Inivèsite de Mirebalais sibi menm konsekans la, byen avan Lopital Inivèsite Deta Dayiti vin inaksesib, paske se menm kout bwa a. Medsen san

fwontyè anonse li sispann sèvi li pou 3 mwa, aktivite li genyen nan Sant ijans nan Turgeau ak lopital twomatolojik nan Kafou. Sa yo se kèk pami lòt nou site la a.

Rezilta tout destriksyon sa yo, vin ogmante konsiderableman To chomaj la, se yon ralantisman enkyetan pou aktivite ekonomik yo nan peyi a nan yon kontèks kote pwodui enteryè brit la (PIB) vin kontrakte pandan 6 lane konsekativ, yon rediksyon siyifikativ sèvis yo te konn ap ofri jeneralman, degradasyon sosyal la vin pi pwononse, li pral depafini tikal pa tikal.

> POU KLAS POPILE NAN MILYE DEFAVORIZE YO

Majorite konpatiyòt ki ap viv nan milye defavorize yo ap kenbe – men, ou pa konnen kisa y ap kenbe a – avèk yon ti mwayen ekonomik trè derizwa, kote yo pa gen asirans y ap jwenn li chak jou, y ap viv nan kondisyon mizerab, souvan yon tikay sou fòm tant pou deplase, san dlo ak elektrisite. Y ap viv san yo pa konnen ki jou li ye, yo manje sa yo jwenn, epi pafwa yo konn ale nan bidonvil kote yo t ap viv pou ale chèche kichòy. Ensekirite enkontwolab sa a antrave mwayen moun yo te genyen pou yo sikile lib e libè. Menm nan kondisyon ekonomik ekstrèmman frajil sa a moun yo ap viv la, Bandi san fwa ni lwa ale pilye, ensandye kay malerèz sa yo, yo plis pase yon milyon sitwayen ki ap sibi konsekans malonèt sa a, yo tounen “jwif eran” ki ap monte desann pa si pa la, nan mwens pase 6 mwa moun yo konn tranzite nan 2 abi pwovizwa, ki pa byen amenaje kote riks sanitè a trè elve sitou pou fanm ak timoun vilnerab yo. Pou ti Machann yo menm, se kliyan Bandi yo ye, paske se toutan y ap sibi konsekans kidnapink, kanbriyolaj nan men gang yo.

Nan dènye moman an sa yo, moun nan laj avanse yo (granmoun yo) sibi yon gwo masak ki tranble sosyete a, gang pran yo fo pretèks kòm kwa gen yon ougan ki deklare Chèf gang MICANOR Altès, pitit li genyen ki malad la se granmoun nan zòn lan ki ap fè l soufri, ki ap manje l. Alòske Mikanor kòm Bouwo sòti nan menm klas sosyal ak moun li akize yo, kidonk Bandi Mikanor touye pou rezon sa a plis pase yon swasantèn gramoun nan zòn li ap dirije a. Kote ideyoloji gang yo ap pouswiv nan tout bagay sa yo ? Viv ansanm ? Ki vrè objektif pwojè detui tout bagay ki sou wout gang yo ?

> POU PWODIKTÈ NAN REJYON AK NAN MILYE RIRAL YO

Blokaj wout yo kote gang etabli yon seri pòs pou fè tout machin, moto taksi, souvan menm moun apye ki vle franchi baryè yo enstale a pou peye yo kòb, bagay sa a rann sikilasyon moun vin difisil, depasman machandiz ak lòt byen de yon zòn ak yon lòt, se yon bagay dezakreyab pou peyizan nan zòn riral yo. Konsa, anpil pwodikè genyen difikilte pou transpòte pwodui agrikòl pou pote yo nan gwo mache nan depatman Lwès, Latibonit ak Plato santral. Souvan, se legim ak fui ki fèk rekòlte, se pwodui perisab ki paka rete pou lontan. Sa fè nou wè kijan apwovisman peyizan nan milye riral yo ap fèt, sa montre tou kijan Bandi yo kontinye ap dechèpiye peyizan nan egzije yo peye yon gwo lajan yo pa posede si yo vle kontinye travay lagrikilti epi fè elvaj.

> POU EKOLYE AK ETIDYAN YO

Ensekirite ki fè moun rete bra kwaze sa a, kote plizyè lekòl nan rejyon metwopolitèn Pòtoprens lan rete fèmen, Si yo pa kareman anvahi pa bandi oubyen yo fè anpil moun nan popilasyon bay zòn lan, abandone kay yo sou presyon nèg ame. Genyen kèk lekòl ki rive etabli yon sistèm ansèyman a distans avèk yon orè limite. Men, anpil timoun oblije kite peyi a, gen kèk lekòl prive ki gen chans ap fonksyone men pa vrèman ka kenbe paske pa gen anpil lajan ki rantre nan kès. Sa koze direksyon lekòl yo nan enkapasite pou peye ti gwoup pwofesè ki brave danje rete nan peyi a pou kontinye ap anseye malgre sityasyon malouk sa a. Se menm bagay pou Inivèsite yo, paske anpil ladan yo oblije fèmen pòt yo sou presyon gang yo, souvan, se de Inivèsite kote Bandi yo vandalize. Se menm sityasyon an, menm konsekans lan, etidyan ak pwofesè ki oblije chape poul yo pran lafuit, pati pou peyi letranje san yo pa genyen yon destinasyon fiks, oubyen genyen anpil lòt ki ale nan vil pwovens kote ki pa genyen okenn estrikti pou Inivèsite fonksyone.

Egzòd masif ekolye, etidyan, anseyan ak pwofesè inivèsite yo redui konsiderableman kapasite lekòl ak Inivèsite yo pou dispanse kou pandan yon titan pou bay fòmasyon de kalite. Men, sa gen pou konsekans ipoteke avni peyi a ki pral difisil pou byen fòme yon jenerasyon jèn ki ta dwe travay ak entelijans epi devouman pou asire relèvman an.

> POU DYASPORA A

Menm kan te genyen konjonkti ki difisil, Dyaspora ayisyèn lan toujou rete solidè avèk peyi a, menm enkondisyonèlman. Paskè Dyaspora voye anviwon 4 milya dola transfè san ranplasman chak lane an Ayiti. Dyaspora reprezante pi gwo byenfetè finansye pou Ayiti, paske lè n fè yon kakil senp, si w mete tout èd swadizan peyi zanmi Ayiti kontribye, sa pa rive atenn lajan Dyaspora voye an Ayiti pou yon lane. Dyaspora a te konn kontribye tou nan retounen lakay pou pase yon ti vakans avèk fanmiy li, zanmi li, patisipe nan aktivite kanavalèks, oubyen pwofite vin nan fèt chanpèt. Se moun nan Dyaspora a ki pote anpil kontribisyon lajan pou kesyon antèman yon paran oubyen yon zanmi. konsa tou li konn deside vin antreprann yon biznis kèlkonk oubyen vin bati yon kay kòm rezidans pou li menm avèk fanmiy li, pou lè li pran retrèt nan peyi letranje li ka vin pase vye jou li an Ayiti. Sa te ede anpil pou kenbe endistri touristik la janm. Tout detay nou pote la yo, se pou n di Dyaspora a kontribye anpil pou fè lajan antre nan peyi a.

Ensekirite ki fè moun rete bra kwaze sa a, pou kantite moun nan Dyaspora a ki te konn vizite Ayiti chak lane diminye konsiderableman, sitou sispansyon oubyen rediksyon vòl komèsyal yo depi plis pase yon lane sou Pòtoprens avèk blokaj wout nasyonal ak entèdepatmantal akòz move ajisman gang ame yo. Sa se yon gwo kou kont kwasans ekonomik pou peyi dayiti paske restriksyon drastik sa yo ki anpeche byen avèk deplasman moun fèt jan sa te dwe fèt, konstitye yon handikap majè pou ekonomi an, sa trennen nou nan kalfou danjere, epi sa fè moun vin pi pòv.

> SA GANG YO PA KONNEN, INEVITABLEMAN, YO PRAL PEYE KONSEKANS TOU

Estrateji dyabolik gang yo aplike pou detui tout sa yon jwenn sou pasaj yo, inevitableman yo pral peye konsekans lan tou. Konsa, menm lè gang yo rive detui tout lekòl, lopital pase pran tout rezidans ak lòt byen, eske chèf gang yo panse y ap rete bagay nan men yo pou kontwole ? Malgre tout lajan yo rive rache nan men sitwayen pezi yo, nou pa kwè yo pral kapab viv nan lapè, pap gen lekòl menm pou pitit pa yo, dayè yon gang se yon zannimo fewòs zafè lekòl pa enterese li, sant de sante pou bay swen pa enterese li, sant divètisman piblik pa enterese li, sèvis piblik ki regile atravè yon administrasyon etatik pa enterese li, non plis. Ki kote yo pral rete ? Petèt yo anvizaje pou yo ale nan peyi lòt bò dlo, ale jwi bann byen san swe yo genyen an men yo ? Malerezman, byen konte mal kalkile, yo pral pouswiv yo tout, si pa malè yo ta pran chans ale nan nenpòt peyi letranje, alòske Entènasyonal la deja konsidere tout Bandi kòm gwoup teyoris entènasyonal. Ayiti, se sèl peyi jouk jounen jodi a yo ka kontinye ap fè egzaksyon pou yon ti bout tan ankò. Nou swete nan yon titan tou kout, nou pral ka respire ! Nou tout swete sa !

3. MOBILIZASYON SOSYAL FAS A LENSEKIRITE

Peyi a rantre nan yon agonisman akselere. Popilasyon an pa konn ki sa pou li fè. Tout moun ap chèche chape pou li yo. Sa ki pa gen posiblite pou yo vwayaje nan peyi etranje, lage pye yo pou ale nan yon lòt vil pwovens ki pa tèlman ekspoze a danje vyolans gang. Men tout bagay gen yon limit. Yon lòt bò, peyi etranje yo pa dispose akeyi ayisyen ankò, yo vin retisan pou resevwa nouvo migran ayisyen: Etazini, Repiblik Dominikèn, Kanada, elatriye, Yo mete plis sekirite sou fwontyè lakay yo pou anpeche vag migran anvahi yo. Eske yo kondidere bann ak pakèt ayisyen an deplasman san destinasyon kalkile sa yo kòm kabrit ki pèdi patiraj yo ?

Fas ak mepri flagran de sansiblite, kisa pou n fè ? Fòk nou mobilize pou n ka reziste fas a atak fwontal pou sibvivans nou, fanmiy nou, patrimwàn nou ak peyi nou, se sèl gwo byen zansèt yo kite pou nou epi ki rele

I chè mèt chè metrès, vrèman. Se poutèt sa, Fòk nou mete ansanm pou n òganize n yon lòt jan., gade kijan atizan destriktè yo aksepte fè kowalisyon pou detwi peyi a, pandan y ap itilize yon non senbolik ki pa sanble avèk sa y ap fè la « Viv ansanm ».

Fòk mobilizasyon sa a ankadre, estriktire epi konfòm a sa konstitisyon 1987 la di. Se pou rezon sa a, li enpòtan pou n mansyone sa atik 52.35 di : « Li etabli yon sèvis sivik miks obligatwa kote kondisyon fonksyonman an reglemante pa lalwa ». Sig ki koresponn ak sa, se : SCMO, yon konsèp ki ta ka parèt itil pou mobilize 100 mil, 200 mil moun – patriyòt konsekan, moun tout laj, an Ayiti tankou nan Dyaspora a – pou « defann » Ayiti kont bann malveyan sa yo. Pwovizyon konstitisyonèl ki egziste a, Jèn yo deja kòmanse ap mobilize pou defann katye yo, gen anpil lòt ki ap pyafe paske yo paka tann ankò pou yo pote kontribisyon pa yo nan lespri pou santi yo itil a peyi a. Genyen rezèv moun toujou nan peyi a, malgrè tout bagay malouk n ap tandè la yo, ki vle pote kole ansanm pou n ka ranmase eskap figi Ayiti cheri nou an, kidonk se lespwa ak angajman yon jèn ki ap tann yon siyal pou yo avanse.

Lide pou mete an pratik yon sèvis sivik obligatwa, se pa yon bagay nouvo. Li te egziste deja nan plizyè lòt peyi. An Ayiti, plizyè inisyativ parèy te deja pran pou mete l kanpe, ki anglobe nan yon pwojè lwa ki te depoze nan Palman an 2017 pou n te ka jwenn yon kad legal pou reglemante sèvis sivik sa a. nan dyalektik ki jistifye sèvis sivik obligatwa sa a, yo te evoke : Tèks de lwa a pral kontribye a òganizasyon eleksyon yo, ki pa ta dwe fè n depanse anpil lajan epi ki pral pèmèt nou rapatriye souverènte nasyonal la, kidonk, lè etranje ba nou lajan pou ede n egzekite depans pou eleksyon, se yon pretèks pou yo antre byen fon nan zafè peyi a. Ki pral kouvri tou lòt domèn, tankou katastwòf natirèl yo, rebwazman, alfabetizasyon, fonksyonman lekòl pwodesyonèl yo, elatriye, . Jan tèks lwa an kesyon an chapante a, li baze l sou prensip de respiposite ant Leta ak sitwayen yo.

SCMO a pa taka yon estrikti paralèl nan dispozitif sekirite ki te deja enstale. Li ka vin ranfòse dispozitif sa a pandan l ap pote bagay nouvo, resous moun teknikman ki kapab, yon volonte pou n lite ak sèvi, yon pratik patriyotism aktif, pandan n ap egzekite tach esansyèlman sivil de siveyans ak kontwòl sou tout teritwa ayisyen an: sou lanmè, nan zòn fwontalyè yo, nan zòn pòtyè ak Ayewopò, nan katye, nan komin yo. Konsa, fòk nou pa bliye ensekirite a ki kontinye ap vale teren nan peyi a, ki se yon reziltant aksyon konsète ant krimilanite òganize an Ayiti ak trafik transnasyonal.

“Egziste yon lyen rapwoche ant kriminalite an Ayiti ak trafik zam epi estipefyan yo. San okenn mezi kontwòl efikas trafik zam ak minisyon yo, sa rete enposib pou n pwogrese nan lit kont gang kriminèl yo ki aji aktyèlman yon fason òganize epi ki posede zam pi sofistike pase Lapolis ak MMAS Jiska jounen jodi a òganizasyon kriminèl yo kontwole tout zòn pòtyè prive ki gen nan rejyon metwopolitèn lan , yo gen kapasite pou resevwa zam ak minisyon lib e libè. Yo konn reyalize anpil zak piratri, yo konn entèsepte bato nan dlo entènasyonal tou prè Ayiti pou konpanse trafik zam ak minisyon yo. Pafwa, genyen teknisyen maritim yo kidnape. Kowòdinasyon gang sa yo vrèman redoutab. Yo vin tounen kolaboratè taktik ajan kriminalite transnasyonal yo. Li enperatif pou n mete kanpe yon fwa pou tout yon seri sanksyon ki kadre ki vize dirèkteman Bandi ak enstitisyon ki ap finanse epi pwoteje kriminèl sa yo” selon pawòl ki sòt nan bouch Minis Zafè Etranjè peyi Repiblik Dominikèn lan, Roberto Alvarez.

Yon senp koudèy kantitatif, montre dispozitif sekirite aktyèl la pa gen kapasite sifizant pou reyalize travay kontwòl sa a ki pa mande sèlman pou ajan yo pote yon zam sou yo men nou dwe deplwaye anpil ajan sekirite sou tout teritwa a. Atach esansyèl pou siveyans ak kontwòl sou teritwa a, ta kapab ajoute ak lòt atribisyon konplemantè kòm bay premye swen sante ak viktim katastwòf natirèl yo aksidan oubyen ensandi, pwoteksyon patrimwàn, yon sipò tou pou òganizasyon eleksyon nasyonal ak lokal yo, jesyon riks ak dezaz, lit kont koripsyon epi gade tout espas piblik anndan katye yo toujou pwòp.

An rezon sitiyasyon ijans n ap viv la a ak anbasyon jèn nan peyi a manifeste pou òganize an brigad de vijilans pou pwoteje katye pa yo, SCMO ta kapab travay sou yon repons konstitisyonèl kowòdone a bezwen lejitim sa a pou devlope yon pwoteksyon sivil grandisan. Solidarite oblije, nou gen pou obligasyon soutni jèn patriyòt sa

yo ki vle mete men nan pat la pou peyi yo epi prepare yon avni pwometè, anpil nan yo akòz mechanste Bandi san fwa ni lwa yo pati prematireman pou peyi san chapo. Kidonk, fas a pwogresyon brital, foudwayan gang ame yo nan akapare yon bon pati nan teritwa nasyonal la, Leta ayisyen ta kapab rapidman enstitye epi mete kanpe SCMO a nan tout teritwa pou ranvèse vag vyolans avèg gang yo enstale a pou ekilibre rapò ant fòs yo. Pi preziman, Leta ta kapab pran angajman pou dekrete nan yon peryòd pou pi piti 12 mwa, yon kontenjan de 200 mil moun de bon volonte, ki gen kazye jidisyè pwòp, patikilyèman jèn ki gen bon konduit, men san yo pa limit pwogram lan – Sòlda pou libète ak Lapè – nan lespri pou n ale reprann kontwòl tout teritwa nan peyi a ki an difikilte. Jiska enstalasyon yon nouvo gouvènman lejitim ki ta mande pou n pouswiv oubyen sispann eksperyans lan aprè evalyasyon. Yon konpansyon finansyè menm senbolik nou ta kapab bay a jèn sa yo pou kouvri lajan manje ak deplasman yo.

Finansman inisyativ sa a ta ka vini prensipalman nan trezò piblik, ki pou byen jere pa yon reprezante Leta avèk anpil kontwòl ak rasyonman, yon prezidans ki pa gran manje ak yon gouvènman ki santralize sou priorite nan moman an. Men, kòm se yon mobilizasyon sosyal, sosyete sivil ayisyèn avèk Dyaspora a ta kapab kreye epi jere yon fon sitwayen pou soutni lasekirite ak lapè, pou apiye inisyativ sa a.

4. KONDISYON NESESÈ POU REYISIT PWOGAM LAN

Pi gwo pwoblèm Ayiti ap konfwonte jounen jodi a, ki pa t janm rive nan yon nivo trè ba konsa se gouvènans. Nou an prezans yon Leta ki atenn yon nivo degradasyon ak dekonpozisyon ki konpwomèt egzistans Nasyon an, kijan ou konprann 80% teritwa nan rejyon metwopolitèn depatman Lwès sou kontwòl bandi, Leta ayisyen abòne absan, tankou tou yon bon pati nan Latibonit avèk Plato santral. Malgre tout kalamite sa yo, Leta ayisyen mete kanpe yon Konsèy prezidansyèl ki gen 9 manm ladann, ou santi dirijan sa yo ap aji kòm si se te nan yon gouvènman nòmal yo ye, wa di pwoblèm ensekirite a tounen yon sèn teyatral, film trajik sa ki pirèd la nèg yo genyen pwojè pou òganize eleksyon san kondisyon pou 7 fevriye 2026, pou yo ka pase mayèt la bay yon lòt gwoup pou vin dirije. Jan bagay yo prale la a nou fèk kare nan tranzisyon.

Si nou refere nou a listwa sou peryòd mwens pase 200 zan – kòmanse 27 fevriye 1846 pou rive 7 fevriye 1988 –, peyi a te konnen omwens 7 egzekitif kolejyal ki te dire pa plis 4 mwa, san konte ladan yo ki te dire 15 jou. Sèl bagay nou te kapab di, prèske rezilta tout eleksyon sa yo te konteste, ki te pwovoke gran estabiltè. Estatistik sa yo montre klèman kote danjere pou peyi a, chakfwa dirijan nou yo deside baskile peyi a nan tip maskarad politik konsa, se toujou menm rezilta, sa pa janm mennen nou sou wout yon demokrasi veritab. Sa montre dirijan ayè tankou dirijan jodi a pa gen sajès ak klèwayans politik nesèsè pou dirije, sa montre tou kiltirèlman nou plis abitye ak relasyon vètikal e yerachik olye kolejyal, ou santi dirijan yo bay enterè pèsònèl pa yo plis enpòtans. Eske n sonje pwovèb ki di: “Tout koukouy klere pou je ou”, se ekspresyon menm de yon endividyalism debride ak antisosyal ?

RNDDH rezime jesyon Konsèy prezidansyèl de tranzisyon (CPT) aktyèl la kòm “gouvènans de brigandaj kote angouman pou privilèj pèsònèl voye jete tout angajman pou refòm, sekirite, ak òganizasyon eleksyon demokratik ki te pwomèt yo”. Selon ekonomis Énomy Germain ki t ap fè referans a fason manb nan Konsèy prezidansyèl yo ap gagote mwayen ki ala dispozisyon yo, sa mande pou n reflechi anpil sou wòl yon dirijan Leta, ki konpòtman nou dwe genyen paske jan nou ap gade la kesyon Etik ak Transparans, se Zewo, lajan Leta se byen papa ak manman” Kidonk, echèk KPT a te previzib, men sa ki pi grav la, se nou tout nan sosyete a ki ap peye konsekans lan, nou gen pou n peye move ajisman dirijan yo pou lontan ankò. Perfas et nefas, fòk nou korije sa.

Men kèk kesyon dezobljan : Pou kisa pwoblèm ensekirite a poko ka jwenn solisyon ? Eske objektif reyèl ensekirite a se anpeche pou n prepare eleksyon kredib pou peyi a, si n konprann byen ou santi zak brigandaj ak movèz gouvènans yo ranje zafè dirijan yo, lè sitiwayon an rete konsa, sa pa deranje yo, okontrè sa ede yo, paske pouvwa ap rete nan men yo pou pi lontan, ou santi tou gen anpil bras lajan ki ap fèt non sèlman bò kote dirijan mal pou wont yo, tankou bò kote kriminel yo. Kisa ki ka rive nan peyi a si 7 fevriye 2026 li enposib

pou gen eleksyon kredib ak demokratik ki reyalize ? Kisa ki dwe fèt devan echèk anonse n ap gade la a, jan Womansye kolonbyen Gabriel García Márquez te di l la nan "kronik de yon omisid anonse". Nou pa bezwen tann 7 fevriye 2026 pou tout moun wè nan kisa nou pral ye. Manman ak papa pitit kontinye mare vant. Sèl manb KPT ak gouvènman ki santi yo alèz, ki pa konprann sa ki pral vini la a.

Ebyen Nasyon an, oubyen ti sa ki rete a, fòk nou twouse manch chemiz nou pou pran l an men, pou evite Bato a koule, ale nan fon lanmè avèk nou tout, si n pa deside pran desten an men. Nan tan, kote moun te konn ap panse pou tèt pa li, pa kenbe ankò. Malgre tout sa n ap di la yo, peyi dayiti gen moun konpetan toujou, moun kalifye, kredib, dinamik, fanm ak gason konsekan ki posede lasyans epi ki gen konsyans, ann konsète, mobilize, pran inisyativ kouraje san demagoji pou, ansanm, nou mate kriz kronik sa a ki ap ravaje sosyete a, ki pa bay yon ti bout lespwa a pèsonn, paske nan twou nou ye la a, fòk genyen yon revèy nasyonal ki fèt pou ede n rebondi, pou n ka wè bout tinèl la.

Kisa ki pral pase 7 fevriye 2026 si dirijan yo pa rive fè eleksyon oubyen si sa gate ? Nou menm ki ap reflechi sou avni peyi epi fas yon sitiyaasyon kote gen bwouyay, yon mwa avan, swa mwa janvyè 2026, nou asire n pèp la pral mande - yon « rache manyòk » dayè nou pral gen pwoblèm paske sa te konn fèt déjà - men pa bliye remèd sa a se remèd chwal li ye, li pap ba nou solisyon n ap chèche a. Kidonk, gen yon bezwen ijan pou n chita reflechi seryezman sou yon altènativ pou ranplase CPT a, pye kout dwe pran devan ! Kidonk, avèk monte an puisans gang yo nan peyi a, epi jan n ap gade a reprezantan Leta yo pa kanpe sou anyen, depi gen vid politik ki kreye si nou pa rive konble l, li ka anjandre yon chavire chodyè ki pral fatal epi peyi a ka peye konsekans lan gravman. Se pral louvri pòt la pi laj bay yon dezòd jeneralize, efondreman total kapital Leta ayisyen.

Menmsi Konstitisyon aktyèl la pa ofri pwovizyon pou n trete kesyon vid politik ki anjandre pa mankman pouvwa egzekitif de tranzisyon ki gen la a, sitou depi kèk tan pouvwa lejislatif la disfonksyonèl, se yon konsansis ki dwe jwenn nan lespri konstitisyon an atravè lòt enstitisyon etatik yo, avèk èd sosyete sivil la pou n rekanpe Leta. Yon solisyon dwe baze l sou yon manda klè avèk yon egzekitif ki gen 2 branch : rediksyon konsiderab ensekirite a nan tout rejyon ki afekte yo ; reyalizasyon bon jan eleksyon nan tout nivo sou plizyè etap (Kazèk, Mèri, Depite, Senatè, Prezidan). Nan sans sa a, pèsonn pap ka di se pa yon pwosede konstitisyonèl. Dayè, CPT ki la, pa gen anyen pou l wè ak konstitisyon. Se te yon aranjman politik ant politisyen tradisyonèl yo avèk Entènasyonal la, ki pa kenbe pwomès yo te fè. Pa gen anyen ki dwe anpeche nou pran lòt inisyativ politik pi byen planifye ak yon seri mekanism pi efikas pou yon meyè jesyon ak kontwòl zafè Leta, pou evite nou pran lòt echèk. Fòk nou fè prèyè de kreyativite pou n ka sòti peyi a nan labirent li ye la, pandan n ap pran kòm bousòl defann enterè tout sitwayen ak prezève byen nou gen an komen yo. Pa bliye Endepandans Ayiti mare avèk Linite !

Pou n ka fè tou sa, fòk nou gen konviksyon sitiyaasyon aktyèl la andomaje, anpwazonnen, entenab, swa sou plan sosyal tankou sou plan endividyèl. Fòk nou montre nou gen kapasite pou n sòti nan move wout ki mennen peyi a la, fòk nou ale chèche lòt fòmil ki pi bon, pou n pa rete anprizone tèt nou nan yon seri lojik politik ki depase, ki anglouti nou, epi ki anpeche nou fè wonn pòt. Men, tou sa dwe fèt avèk bon sans, nan respè pou n pwoteje byen piblik yo, paske sa pral mande pou n gen sans responsablite youn anwè lò, anwè peyi a. Nan sans sa a, fòk fanm ak gason bòn volonte kòmanse travay ansanm avèk fòs, antèlijans, disiplin - san pyès diskriminasyon avèk moun ki sòti nan enstitisyon piblik yo, oubyen moun nan sosyete sivil la - men ki enkanpe yon seri de valè ekstrawòdinè. Se pa pou fòmè yon egzekitif kolejyal de tranzisyon pou tranzisyon, men pou aji kòm prezidan oubyen prezidan pwovizwa, se sèl pilòt ki pral responsab devan Nasyon an pou mennen tou 2 pwosesis yo ; travay pou derasinen ensekirite nan peyi a avèk òganize bonjan eleksyon kredib ak demokratik, avèk kolaborasyon yon Kabinè ministeryèl ki pa gen anpil pèsonalite ladann, senpman nouvo otorite yo dwe santre fòs yo sou derasinen ensekirite a epi òganize eleksyon.

Listwa resan peyi dayiti montre, solisyon yon prezidans endividyèl de tranzisyon te bay rezilta konvenkan pandan 3 fwa, siksesivman : Madam Ertha Pascal Trouillot, Mesye Boniface Alexandre avèk Jocelerme Privert. Nan fason estratejik pa yo, yo te delivre machandiz la. Tach pilòt n ap pale jodi a, sa pral kapab yon responsablite istorik ki pa dwe yon lòt okazyon priveleje pou dirijan ale fè kòb, anrichi tèt yo oubyen kreye ti gwoup

dechèpiyè pou vin kontinye kraze kès Leta a. Avèk sa, enkanasyon valè sa yo nou ap pale la a nou ta dwe konte anpil sou orijin enstitiyonèl oubyen sosyal moun nou pral rele pou vin jwe wòl kòm pilòt oubyen manb gouvènman tranzisyon sa a.

Li nesèsè pou n konstate chakfwa peyi a ap chèche fòm yon egzekutif ak yon gouvènman pwovizwa, kritè ki pèmèt nou chwazi yo toujou parèt gaye, se pa fasil nou baze n sou merit ki mande pou n respekte triloji sa a: Konètete-patriyotism-konpetans, nan lòd ki endike la a. Souvan chwa nou yo gide pa lafòs, kopinaj ak trafik enfliyans, ki gen konsekans fatal pou peyi a, paske se menm dirijan konwonpi ki tounen sou pouvwa, movèz gouvènans lan pral pèsiste, ensekirite a pral kontinye vale teren, anpil moun nan sosyete a pral kontinye chape pou l apwovrisman akselere Leta a pral kontinye, deteryorasyon jeneral kondisyon sosyo ekonomik peyi a pral kontinye glise desann. You peyi tèt anba, san direksyon, ni gouvènay.

5. NESESITE POU N REKONSILYE NASYON AN AVÈK LIMENN

Sa ki genyen kòm patikilye nan sa ki ap pase an Ayiti a, se pwòp pitit peyi a : Fi avèk gason (se sitou gason yo) ki fin dechennen kont pwòp peyi yo, pandan menm tibebe pa epaye devan zak kriminel bandi san fwa ni lwa, timoun piti, adil, granmoun, mezon rezidansyèl moun nan klas mwayèn lan, kay moun nan katye popilè yo, lekòl, lopital, legliz, Medya yo, sant kiltirèl yo, elatriye,. Bandi ravaje tout sa yo jwenn sou pasaj yo nan yon peyi ki pa t genyen twòp gwo enfrastrikti piblik kòm prive pase sa. Nan yon sans oubyen yon lòt, se de endividi ki gen raj pou lajan moun, ki chèche gen lajan nenpòt kòman pou ale gaspiye, moun san konviksyon ni ideyoloj, ki mete ansanm avèk lòt malfra nasyonal tankou entènasyonal pou dechalbore tout sa ki genyen kòm byen nan peyi a, malgre se sèl peyi sa a menm yo menm gen tou, yo pa menm konprann se yon dènye chans yo genyen pou yo kontinye ap viv ladann, pa bliye Blan an te deja deklare yo “persona non grata” yo paka fè wout pa bwa, nan pwèn okenn lòt peyi ki ap aksepte yo vin lakay li. Kidonk, san nou pa vle kwè sa, Ayiti ap batay kont pwòp tèt li.

Politik dyabolik gang yo, ki se gwoup minoritè aplike kont gran majorite Ayisyen yo epi kont Ayiti atravè anachi sa a ki san parèy, ki reglemante tout sa nou gen an komen, detui tout bagay ki gen valè nan sosyete a. Gwo kesyon pou n poze tèt nou, se sa a: Kijan fè konpatiyòt tankou nou – gason, fanm, ansyen kamarad, oubyen elèv, timoun yo, frè ak sè nou yo, vwazen nou yo – transfòmè tèt yo an Bandi a kravat oubyen a sapat, ens-tigatè oubyen pwomotè vyolans tout kalib, epi avègleman yo ap detui tout sa peyi a genyen kòm byen, kòm patrimwàn imen, byen sitwayen pezib travay avèk anpil sakrifis pou reyalize, souvan sa pran plizyè deseni ?

Pou n reponn a kesyon frakasan sa a, fòk nou retounen sou sa ki fondman menm tout sosyete modèn ki konstui atravè relasyon fratènèl, konvivialite, viv-ansanm epi nosyon de sitwayènte, se 2 nosyon ki kriyèlman fè defo an Ayiti depi lè nou te pran endepandans nou. Sistèm edikasyon an pa janm vize linivèsalite pou gran majorite a te kapab benefisye tou. Nou lese yo pou kont yo, epi abandone ak pwòp desten yo, yo pa gen mwayen pou ale lekòl, pou jwenn bonjan swen sante, pou travay la menm, bliye sa, yo pa gen kay pou yo rete, pa pale de elektrisite, mwayen pèspektiv sosyal pa gen sa pyès. Anpil nan dwa sosyal sa yo ki enpòtan pou koud tisi sosyal yo, pou devlope yon sitwayènte nasyonal, pou garanti yon viv-ansanm men ki sistematikman bafwe pa majorite gouvènman ki pase Yo !

Anpil timoun abandone pa pwòp paran yo depi yo fèk fèt, yo transfòmè an timoun lari a, ki pa janm pase sou ban lekòl. Timoun sa yo grandi andeyò tout anbyans famiyal, timoun minè nan lari yo, debwouye yo nan mande chak moun ki ap pase pou jwenn kichòy pou achte nenpòt sa yo jwenn pou manje, timoun yo pa gen chans jwenn okenn ankadreman ki ta pèmèt yo jwenn ti mòso ledikasyon ak lenstriksyon, ki ta ede yo konprann sa ki byen pa rapò a sa ki mal, egzistans yo baze sou yon sèl faktè, ki kote n ap jwenn yon ti kòd chak jou pou asire lamanjal la, timoun abandone sa yo lè yo viv gwo jèn jan, gwo jèn fi, vin reprezante yo danje sosyal pou tout sosyete a, paske Leta a pa t fè anyen pou yo, kidonk se nou ki fòmè potansyèl mons sa yo. Sa eksplike raj anpil ladan yo genyen kont nou, kont tout sa ki reprezante lakilti, etablisman relijye yo, etablisman edikatif yo,

lopital, sant de sante, bagay sa yo pa t janm enpòtan pou yo paske yo pa t janm gen chans frekante etablisman piblik sa yo ! Men ki rezilta nou genyen jounen jodi a, sosyete a eklate an miyèt mòso nan men nou, san okenn koyezyon sosyal, san solidarite natirèl oubyen solidarite nou konstwi ansanm, san okenn obligasyon de respè pou Nasyon an, paradoksalman tout bagay anòmal parèt jounen jodi a nòmal, se gang ki ap enpoze lalwa, nan rejyon metwopolitèn lan kounye a si pou yon rezon oubyen yon lòt, nou obliye sòti nan lari pou ale regle nenpòt bagay, si yon moun pale fò avèk nou, menm reponn nou pa vle reponn, paske atansyon pa kapon. Pa genyen lavi sosyal ankò, sèl malfra ki ap byen mennen. Gang a kravat tankou gang a sapat, se yo ki reprezante Elit peyi a jounen jodi a. Sa, se yon gwo tritès pou Ayiti pa nou an !

Malerezman, nou pap ka debarase nou de move zangi sa yo, konsa, konsa, vle vle pa, yo fè pati sosyete a tou. Gen yon jan pousa fèt. Absoliman, fòk lajistis ak fòs lòd yo ranmase karaktè yo pou retabli lòd ak lapè avèk apui total kapital tout sitwayen de bòn volonte ki vle pote kontribisyon pa yo pou n retire peyi a nan chimen jennen sa a. Tout Leta serye gen pou responsablite pwoteje lavi moun ak byen piblik kòm prive sou tout teritwa nasyonal la. Men, nan yon dezyèm tan, fòk nou poze pwoblèm yo pi anpwofondè, fòk nou travay pou n rekonsilye Nasyon an avèk limenm, yon fason dirab, pou sa n ap viv jodi a pa repwodui pita. Fòk nou jete baz nesèsè pou yon nouvell sosyete ki pa gen twòp inegalite ladann, men ki chita sou lalwa, ki baze sou dwa nou dwe respekte ak jistis sosyal, epi ki dispoze kreye mwayen pou diminye disparite sosyal, ekonomik, jewografik yo, ki baze pou respekte tout kategori moun nan kouch sosyal yo, fanm tankou gason nan tout peyi a. Fòk nou rive rekonsilye Nasyon avèk limenm pou chak sitwayen kontan jwenn yon plas anndan espas sosyal yo ki reponn ak bezwen esansyèl li, fòk chak moun ka gen menm chans pou l devlope san kontrent talan ak potansyalite li genyen, pou n ka fè pwomosyon merit yon moun genyen, lè sa a n ap fè prèv de responsablite, anpati ak solidarite sosyal ak tout moun ki ta gen mwens chans.

Sa a se yon pwojè sosyete nou pa rive enstore depi endepandans nou, se echèk sa a n ap peye jodi a avèk yon pri trè fò. Se konsa, si n pa deside aprann fè sa yon lòt jan, nou pap gen padon devan Pè Letènèl. Kidonk, ti chimen kout nou toujou vle pouswiv nan tout listwa peyi sa a, paske nou toujou rete kwè : Ah, Bondye Bon ! alòske jan pawòl bibliik la di l : Leve kanpe, mache ! pi devan , Jean de la Fontaine nou di : Ede tèt ou, lanati ap ede w fè rès la ! Se nan kwè nou ka fè tout bagay jan nou vle, ki fè nou prale kite peyi a san nou pa regle anyen, anndan Leta a nou fè yon pakèt vye mannèv ki vin kreye yon pakèt vid ; vid enstitisyonèl, vid etatik, moral ak politik ki pa konble jouk jounen jodi a.

Rekonsilyasyon sa a n ap pale la a , dwe pase atravè yon kesyon etik selon mwayen ak moral sosyal men ki fè seryezman defò nan pli wo nivo aparèy Leta a ak nan diferan kouch sosyete ayisyèn lan, paske yon seri reprezante Leta san vègòy piye peyi a epi ki lese gran majorité a nan lakras ak mizè san parèy. Se menm bagay la, li nesèsè pou n mansyone fason ilegal yo ilitize pou anrichi tèt yo, sa sanble pa deranje yon majorité moun nan popilasyon an, paske lè w ap gade byen sa pa fè gwo efè sou yo, viv nan lamizè se yon bagay akseptab pou anpil moun nan soyete a. Fòk majorité a menmsi nou nan grangou dwe ranmase eskarp figi nou epi mete ansanm avèk tout lòt moun pou di : NON, egzije a reprezantan Leta a pou korije movèz pratik sa yo, alòske dirijan ki okipe yon pòs, ki mande pou w bay sèvis, yo pa dwe fè byen Leta sèvis kòm « Chwal Papa ». Relèvman sosyal sa a n ap chèche a li konsène tout kouch sosyal nan peyi a : gouvènman nou yo, enstitisyon etatik nou yo, lekòl ak Inivèsite nou yo, egliz tout tandans relijye yo, asosyasyon sosyo pwofesyonèl nou yo, fanmi yo, medya yo. Tout enstitisyon ak kategori sosyal nou site la yo dwe montre se yon modèl yo ye, yon referans ki aji avèk transparans toutan e patou. Se sa ki pral yon pòt de sòti pou Nasyon an, menm lè nou konnen pòt la pa gran louvri !

6. PÈSPEKTIV YO

Kabrit se kabrit, bèf se bèf, fòk nou site non l jan li ye, sa ki ap pase an Ayiti la a pa gen lòt non se : Teyorism, san ideyoloji, ni gouvènay, ni destinasyon fiks. Yon teyorism ki pa gen asiz sosyal, sèl objektif li se detwi tout sa Leta posede nan peyi a. Yon teyorism ki ap trennen Nasyon an nan yon soumisyon fitil epi kondane tout

sitwayen pou viv tankou esklav y ap eksplwate, men ki pa gen dwa reklame anyen. Atravè piyaj, vyòl, kidnaping kont ranson, kanbriyolaj, ekspwopriyasyon, destriksyon kay ak edifis yo, rete prizonye nan pwòp lakay ou. Privasyon tout kalib, sitiyasyon ki ka pwovoke twoub mantal lakay nenpòt moun kèlkeswa ran sosyal ou.

Tout bagay sa yo ap pase devan zye dirijan nou yo, yo fè kòm si yo pa konprann, ou santi yo ensansib, enpuisan. Se menm bagay la, ou santi enstans entènasyonal yo afiche yon konpòtman pasif, se kòm si sa ki ap pase la an Ayiti, se pa grav, yo pa prese, yo pa konsène dirèkteman, kòm si bann krim bandi ap komèt chak jou yo, pa pi mal pase sa. Alòske, se yon seri peyi ki, souvan, di yo se zanmi pèp ayisyen an, jan nou konprann sa, mwayen materyèl ak lojistik Bandi yo genyen pou kontinye trennen sosyete a nan ma labou santi sa a, se peyi lòt bò dlo ki fasilite sa. Tout gwo peyi yo ki gen zye vire vè Ayiti rete ap pase nou nan rizib, teyat trajik sa a, menm nan sinema nou pa janm konn asite sèn konsa, sa pa di yo anyen. Sa ta sanble, Entènasyonal la okipe nan lòt dosye pi enpòtan pase sa ki an Ayiti a, lajan yo dispoze a se pou al ede lòt peyi ki pi mal. Fòk Ayisyen louvri je yo pi gran, Sa paka rete nan “yès Sè, ankò” fòk nou aprann trete avèk swadizan zanmi yo yon lòt jan. Pa dwe gen bese tèt pou n salye, pou n bay lanmen, ankò.

Nou pa yon pwofèt ki ap preche malè, men sa n ap gade devan nou la “Antoine nan Gonmye pa wè l”, paske soyete a rive nan yon kalfou ki mande pou l chwazi ant aksepte gang a sapat, pilote pa gang a kravati, sa vle di: wòl envèse oubyen Blan an remete nou sou titèl sou pretèks li pral geri mal la pou nou. Nou kapab menm fè referans ak sitasyon Jean Racine lan, pou n di : “Malgre tout jefò m fè, mwen santi m paka reziste ankò, m aksepte tèt bese ale nenpòt kote ou vle”. Se yon kapitilasyon akòz dekourajman.

Ayiti te toujou jwe wòl Avangadis nan plizyè soulèvman sosyal atravè lemond. Pi gwo soulèvman sosyal la, se Endepandans Dayiti, desizyon an te pran aprè dènye gwo batay nou te genyen fas a lame fransèz, lame ki te pi puisan nan lemond. Eksperyans eksepsyonèl sa a, ki te libere nou de lesklavaj, ede n fòje yon listwa ki bay wout a peyi oprime yo pou libere tèt yo epi nou vin atache n ak yon seri de valè ki fè fyète nou kòm pèp vanyan. Ayiti trase chimen pou anpil lòt pèp oprime te pran wout libète.

Dwòl konyensidans, Ayiti sanble lage pou kont li nan batay la jounen jodi a. Ki batay li ye ? Eksperimantasyon destriksyon aparèy leta sou dominans gwoup kriminel ki gen rasin li atravè lemond, ki enplike nan trafik dwòg, vant ilegal zam ak bal (minisyon), san n pa bliye trafik ogàn moun. Nou ap pale de yon komès friktifyan, rantab epi kolosal, ki jwenn bon ramifikasyon nan tout rejyon an e menm pi lwen. Nan menm lojik sa a, si pa genyen anyen ki fèt sou ka dayiti a, movèz eksperyans sa a, pap pran tan pou l reyaji nan anpil lòt peyi nan zòn lan, tankou tou nan peyi devlope yo. Eske n pa wè kijan Lafrans vin ekspoze a kesyon trafik ilisit, nakotrafik ak lòt tip kontrebann, yon fleyo ki touche anpil prizon nan rejyon Paris, epi patou nan peyi Lafrans. Prizon yo vin tounen yo paswa, souvan gen atak ki fèt kont yo, tankou jan sa ap pase an Ayiti jounen jodi a. Si anyen pa fèt pou ede Ayiti trete gwo maladi sosyal sa a ki depase kapasite l tout jan ; ekonomik, teknik, materyèl ak lojistik, ebyen fleyo sa a kapab etann kò l atravè lemond, nan yon demach sistematik ki ka afebli anpil peyi yon fason pou fasilite devlopman ekonomi kriminel atravè komès entènasyonal trafik dwòg la.

Nou rete kwè, se Ayisyen yo ki pou pran dispozisyon nesèsè pou lite kont ensekirite nan peyi a, pandan nou pran desizyon trase yon plan global sekirite nan yon titan, mwayen ak long dire, pou n ka ale chèche lapè pou toutan. Fòk nou elabore yon plan de kowòdinasyon jis, presi, pou fòs de lòd ki ap opere nan peyi a, konsa tou yon sèvis ransèyman efikas pou sipòte tout desizyon ki pran, nan lespri pou egzekisyon pwogram ki lye avèk operasyon yo, « se pa mòde souffle, jan sa ap fèt la a. Fòk reprezantan leta yo nan domèn ransèyman ak siveyans enplante yon sistèm janm pou kontwòle ak konbat tout devyans, koripsyon, malvèsasyon, maltretans ki ta ka devlope anndan sistèm lan. Finalman, nan yon titan tou kout, fòk nou mete an branl yon pwogram paralèl de sekirite pou mobilize jenès la avèk fòs lòd yo nan peyi a, nan mete kanpe yon pwogram sèvis sivik obligatwa miks (SCMO). Paske se nou tout ki an danje. Nou tout konsène !